



**Department for
the Aging**

**PRAN KONTAK.
RETE AKTIF.
PWOTEJE SANTE W.**

 **KONTAKTE NOU**
212-AGING-NYC



MISYON AK OBJEKTIF

Depatman pou Granmoun Aje vil New York la (NYC Aging) ap travay pou elimine diskriminasyon baze sou laj epi pou asire diyite ak bon kalite lavi pou divès granmoun aje, ak sipò pou moun k ap okipe yo gras a sèvis, defans enterè ak edikasyon.

NYC Aging mete tèt ansanm ak òganizasyon lokal yo pou ofri sèvis sant pou granmoun aje, kolektivite retrete ki fòme natirèlman, ajans jesyon ka ak swen lakay. Li ofri tou pwogram livrezon manje lakay, pwogram sipò pou founisè swen, pwogram pou sante mantal, transpò, ak plis bagay toujou nan chak awondisman.

NYC Aging ofri resous pou benevola tou epi li gen yon inite sèvis anplwa pou granmoun aje (Older Adult Employment Services Unit), yon inite pou jistis pou granmoun aje (Elder Justice Unit), yon sant resous pou granparan (Grandparent Resource Center), yon pwogram granparan dakèy (Foster Grandparent Program), yon pwogram peman bòdwo (Bill Payer Program), ak plis bagay toujou.

Sant pou Granmoun Aje (Older Adult Centers, OAC)

Gen plis pase 300 sant pou grammoun aje (OAC) nan vil New York epi rezidan ki gen laj 60 an pou pi piti ka vin manm gratis. Chak nan sant sa yo ofri yon varyete aktivite ak sèvis pou pote lasante ak plezi pou granmoun aje yo nan New York. Men sa ou jwenn ladan yo:

- Repa kolektif; sant yo pote repa nourisan manm yo ka pran ansanm nan respè kilti yo.
- Kou ak aktivite; travo mènyèl, mizik, teknoloji ak pwomn nad rekreyatif pandan yon jounen.
- Pwomosyon egzèsis fizik ak lasante; klèb lamach, egzèsis sou chèz, tai chi, jesyon tèt ou ak atelye sou jan pou evite tonbe.
- Kontak avèk resous ki pèmèt jwenn asirans maladi ak èd nan men gouvènman an, sèvis transpò ak lòt pwogram.



Sèvis lakay

Si ou bezwen asistans pou okipe tèt ou, oswa si ou konn yon moun ki bezwen sa, yon jesyonè ka fòme ap vin lakay ou pou detèmine ki sèvis ki kapab ede ou rete nan kominote ou. Li gen dwa kapab fè ou jwenn sèvis ki apwopriye yo, tankou:

- Sèvis swen lakay NYC Aging nan (benefisyè Medicaid yo pa gen dwa a sèvis sa a, yo dwe mande Medicaid Home Care):
 - Sèvis swen ijyèn
 - Menaj
- Egzamen dwa a asirans maladi ak èd gouvènman epi akonpayman pou ranpli demann yo.
- Repa NYC Aging libre lakay yo oswa lòt pwogram livrezon repa ki pa gen bi fè lajan.
- Pwogram Friendly Visiting NYC Aging nan.
- Egzamen opsyon ki genyen pou swen alontèm.



Sipò pou founisè swen

Okipe moun se yon bagay ki ka estresan epi rekònèt wòl ou kòm founisè swen se premye etap la nan jwenn èd. NYC Aging ka mete ou an kontak ak sèvis sipò si w ap okipe yon moun ki gen 60 an pou pi piti, ki soufri maladi Alzaymè oswa lòt maladi ki fè moun retounen annanfans, oswa ki gen yon maladi kwonik. Ou ka resevwa èd tou si w ap okipe yon fanmi, si ou gen 55 an pou pi piti epi w ap okipe yon timoun ki gen mwens pase 18 an, oswa si ou gen 55 an pou pi piti epi w ap okipe yon granmoun andikape. NYC Aging ap finanse 12 pwogram kominotè pou founisè swen ki kapab pote:

- Enfòmasyon ak referans.
- Planifikasyon swen alontèm.
- Gwoup sipò.
- Konsèy ak fòmasyon.
- Swen repi.
- Èd finansye pou sèten akseswa èd (sistèm alèt medikal, modifikasyon limite nan kay, ak founiti pou swen).



Kolektivite Retrete ki Fòme Natirèlman (Naturally Occurring Retirement Communities, NORC)

Yon NORC se yon lotisman oswa yon katye pou tout laj ki pa t konstwi pou granmoun aje, men ki gen anpil nan yo ki rete la kounye a. Gen 36 NORC ki afilye ak NYC Aging nan vil la, epi ki ofri sèvis ak pwogram sipò, k ap bay rezidan yo jesyon ka, asistans sosyal, asistans medikal ak pwomosyon lasante.



Pwogram Friendly Visiting nan

Pwogram "Friendly Visiting" (Vizit Amikal) NYC Aging nan gen kòm objektif redui izòlman sosyal gramoun aje yo nan vil la, gras a posibilité pou yo fè nouvo zanmi ak nouvo relasyon sosyal. Yo asosye gramoun aje yo avèk yon benevòl yo evalye et ki fòme ak/oswa avèk yon gwoup gramoun aje parèy yo pou yo pran kontak avèk li chak semèn. Yo ka pran kontak plizyè fason, sa gen ladan vizit lakay, apèl telefonik oswa pwogram vityèl kote yo fè zanmi.



Pwogram Enfòmasyon, Konsèy ak Asistans nan Zafè Asirans Maladi (HIICAP)

HIICAP la (Health Insurance Information, Counseling, and Assistance Program) reponn kesyon gramoun aje New York yo sou asirans maladi. Gen reprezantan kalife ki ka egzaminen polis Medicare yo ansam ak rezidan yo pou jwenn plan ki bon pou yo a, epi ede yo enskri. Kòm egzanp domèn kote reprezantan yo ka ede gen plan Medicare Part A ak B yo; plan pou medikaman Medicare Part D (Drug Prescriptions); pwogram ekonomi Medicare la (Medicare Savings Program) ak fason Medicare travay avèk asirans pou retrete a.



Transpò

Gras a NYC Aging, gen ògazisayon kominotè ki ofri sèvis transpò endividiyèl ak an gwoup pou rezidan aje yo. Pou moun ki gen laj 60 an pou pi piti, sèvis sa a disponib pou randevou medikal esansyèl ak pou randevou pou sèvis sosyal, ak pou moun ki pa ka jwenn transpò piblik oswa pa ka pran li. Sant pou gramoun aje yo ofri tou transpò an gwoup pou aktivite tankou al achte ak aktivite rekreyatif.



Sèvis Sante Mantal

Pwogram NYC Aging nan pou sante mantal gramoun aje (Geriatric Mental Health Program) mete klinisyen sante mantal nan sant pou gramoun aje yo nan chak awondisman. Pami sèvis yo gen depistaj pou konn kisa bezwen yo ye nan zafè sante mantal, konsèy terapeutik, ak aktivite angajman pou destigmatize sante mantal pami gramoun aje New York yo. Li pa nesesè pou w manm yon sant pou gramoun aje pou w resevwa sèvis sa yo. Yo ofri yo an pèsonn, vityèlman oswa pa telefòn dapre sa kliyan an pi pito, nan plizyè lang pou akomode rezidan ki soti diferan kote e ki gen diferan kilti.



Jistis pou Granmoun Aje

Sant Resous pou Granmoun Aje ki Viktim Krim (Elderly Crime Victims Resource Center) NYC Aging nan ofri sèvis dirèk pou viktim krim nan men etranje, tankou vyolasyon domisil, vòl, agresyon, fwòd, ak eskwokri. Gen plizyè pwogram kominotè pou pwoteksyon granmoun aje tou ki ofri konsèy ak sipò pou rezidan aje ki viktim move tretman fizik, mantal, seksyèl oswa finansye nan men moun yo konnen e yo fè konfyans.



Sèvis Anplwa pou Granmoun Aje

Inite Sèvis Anplwa pou Granmoun Aje a (Senior Employment Services Unit) ofri pwogram san parèy pou rezidan aje ki nan chomaj oswa ki anplwaye anba kapasite yo epi ki vle kontribye nan mendèv la. Ke ou swete chanje karyè ke ou swete kontinye travay a tan pasyèl, NYC Aging ofri fòmasyon ak sipò pou ede w reyalize bi w yo.



Chans fè benevola

Pwogram benevola NYC Aging nan gen ajans ki ofri pwogram ak yon bann kolaboratè nan kominote a toupatou nan vil la k ap chèche moun ki ta renmen remèt bay kominote yo. Soti nan bank alimantè, pase pa fwa resous, rive nan akonpayman jèn yo, yo asosye benevòl yo ak opòtinite amizan, enpòtan ak enteresan.



NY Connects nan vil New York

NY Connects se yon tèt ansanm ant plizyè kolaboratè gouvènman ak kominotè ki pote gratis enfòmasyon objektif konplè, ak asistans, pou ede rezidan aje yo rete endependan. Gen yon biwo lokal nan chak awondisman kote pèsònèl la kapab:

- Detèmine si ou gen dwa a asirans maladi ak èd nan men gouvènman an epi ede ou jwenn benefis sa yo.
- Bay referans ak kontak pou sèvis sa yo.
- Mete moun an kontak ak gwoup sipò, sa gen ladan founisè swen.



► RETE AN KONTAK

Ale nan Depatman pou Granmoun Aje a sou entènèt nan **nyc.gov/aging** oswa sou medya sosyal:



Rele **212-AGING-NYC** (212-244-6469) pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis yo.

Sèvis avoka

NYC Aging ap travay avèk òganizasyon lokal yo pou ofri sèvis avoka gratis pou rezidan ki pa ka jwenn avoka prive, nan kad yon pwogram yo rele Pwogram Asistans Jiridik pou Granmoun Aje (Legal Assistance for the Elderly Program). Pwogram nan ofri sèvis avoka gratis pou moun ki gen laj 60 an pou pi piti nan toulè senk awondisman yo. Rezidan yo ka jwenn asistans pou pwoblèm tankou:

- Lojman, tankou pwoblèm ant mèt kay ak lokatè, sezi kay, fwòd nan zafè reparasyon nan kay, sèvis piblik ki koupe oswa pwoblèm pwopriyete imobilye.
- Dosye gad legal, vvolans oswa neglijans.
- Pwoblèm konsomatè yo ap konfwonte tankou fwòd kont konsomatè, fwòd kat kredi, fayit, oswa prè ipotekè envèse.



Lòt resous apa NYC Aging

ACCESS NYC, se zouti evalyasyon Vil la pou pwogram ak benefis ki gen pou wè ak lojman, manje, ak plis bagay toujou:

access.nyc.gov



KONTAKTE NOU

Gen anpil sèvis ki gratis oswa bon mache, epi ki disponib an anpil lang.

Aging Connect, se sant apèl nou an pou resous, sèvis, ak opòtinite benevola.

Rele **(212) 244-6469** pou pale ak yon espesyalis nan zafè granmoun aje.

Pou mande yon prezantasyon sou sèvis NYC Aging yo oswa sou preparasyon pou sitiyasyon ijans pou granmoun aje, vizite nou nan www.nyc.gov/aging/presentation.

**PRAN KONTAK.
RETE AKTIF.
PWOTEJE SANTE W.**



**Department for
the Aging**